# Урысыем ОIоМ

Урысые Федерацием цIыфхэр къэухъумэгъэнхэмкIэ, ошIэ-дэмышIэ Iофхэмкlэ ыкIи уаимэм зэщигъэкъуагъэхэр зэтегъэуцожьыгъэнхэмкIэ и Министерств

# ЛЫЕ КЪЫЗЭРАХЫГЪЭМЭ АПЭРЭ IЭПЫIIЭГЪУ ЯГЪЭГЪОТЫНЫР

## ГУКЪЭКIЫЖЬ

**Гукъэкlыжьыр нахьыбэмэ афэгъэхьыгъ.**

Тихэку ыкlи lэкlыбым фэlэзэныгъэу агъэунэфыгъэхэр алъапсэу гукъэкlыжьым къыщыlуагъэх непэрэ мафэхэм тхьамыкlэгъо lофыгъокlэ лые къызэрахыгъэмэ, зипкъышъол зэщыкъоныгъэ зыфэхъугъэмэ, шхъо зэхыгъэхэмэ ыкlи нэмыкl щытыкlэхэу псаунығъэмрэ щыlэныгъэмрэкlэ щынагъоу щытыхэм ащыуухъумэхэу апэрэ lэпыlэгъоу узэрыгъозэн фаехэр. Гукъэкlыжьыр зыфэгъэхьыгъэр апэрэ lэпыlэгъур ягъэгъотынымкlэ лъапсэхэр зэгъэшlэгъэнхэр ыкlи кlэджыкlыжьынхэр ыкlи джащ фэдэу тхьамыкlэгъо lофыгъо зыхъурэм узэрэзекlон фэе шlыкlэхэм якъэбар ущегъэгъуазэ.

© ФКъКъМЛКъу «ГуПсlГуУрысыем OIM», 2024

# ЛЫЕ КЪЫЗЭРАХЫГЪЭМЭ АПЭРЭ ІЭПЫІЭГЪУ ЯГЪЭГЪОТЫНЫР

ГУКЪЭКІЫЖЬ

Москва, 2024

**Апэрэ Іэпыіэгъу ягъэгъотыныр лые къызэрахыгъэхэмкІэ ящыІэныгъэрэ япсауныгъэрэ къызэтегъэнэгъэнхэм паекІэ Іофыгъо нахьышъхьэу щыт, сыда пІомэ щыІэныгъэмкІэ щынагъохэу пкъышъолым зэщыкъоныгъэу фэхъухэрэр дэбгъэзыжьынхэу амал къыуеты. Хъугъэ-шІагъэр зинэрылъэгъухэмрэ ыкІи къэзыгъэнэжьырэ къулыкъум иІофышІэхэмрэ апэрэ ІэпыІэгъур арагъэгъотын алъэкІыщт. Ащ пае ахэр апэрэ ІэпыІэгъур арагъэгъотыным фэгъэсэгъэнхэу ыкІи фытегъэпсыхьагъэхэу щытынхэ фаех. Ащ фэшІыкІэ хэбзэгъэуцугъэу зекІорэм ыкІи апэрэ ІэпыІэгъур ягъэгъотынымкІэ джырэ шІыкІэхэм атефэу лъэхъанэм диштэхэрэ егъэджэн тхылъхэр къыдэгъэкІыгъэнхэр цІыфхэмкІэ гъэшІэгъонышхоу щыт.**

**Псауныгъэр къэухъумэгъэнымкІэ Урысые Федерацием и Министерствэ апэрэ ІэпыІэгъур арагъэгъотынымкІэ ШІыкІэхэу ыштагъэхэм атефэрабгъоу ГукъэкІыжьыр гъэхьазырыгъэу щыт.**

**ГукъэкІыжьыр сурэт дэгъэуцонкІэ зэтегъэпсыхьагъ ыкІи нэрылъэгъу къешІыхщытыкІэ ыкІи пкъышъол зэщыкъоныгъэ зэфэшъхьафхэм апэрэ ІэпыІэгъур зэрябгъэгъотыщт шІыкІэхэр.**

*Урысыем и МинпсауФКъКъМЛКъу «Псаныгъэр къэухъумэгъэныр зэхэщэгъэнымкІэ ыкІи информатизацие шІыгъэнымкІэ Гупчэ шІэныгъэ-ушэтын институтым» иметодическэ аккредитационнэ-симуляционнэ гупчэм иІэшъхьэтетэу, Зэрэурысые зэгъусэ зэхэщагъэу «Апэрэ ІэпыІэгъумкІэ Урысые чылагъом» итхьаматэу*
*м.шІ.д., профессорэу Дежурнэ Леонид Игоревичыр.*

**АПЭРЭ ІЭПЫІЭГЪУР** – ар псынкІэу къызэрыкІоу Іофыгъо зэхэтхэу цІыфым ищыІэныгъэ къэухъумэгъэнымкІэ зэхащэхэрэр ары. Ащ имурадыр – псаунығъэмкІэ щынагъоу къэхъухэрэр дэгъэзыжьыныр, джащ фэдэу къыкІэлъыкІохэрэ фыкъоныгъэхэмрэ ыкІи къыпкъырыкІыхэрэ зэІыхьэныгъэхэмрэ къэмыгъэхъунхэр.

Псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ Урысые Федерацием и Министерствэ иунашъоу 3.05.2024-рэ илъэсым зи № 220н «Апэрэ Іэпыіэгъур ягъэгъотынымкІэ ЗэкІэлъыкІуакІэхэм яштэн фэгъэхьыгъэм» (ЮстициемкІэ Урысые Федерацием и Министерствэ ытхыгъ, зэритхыгъэр №78363 31.05.2024-рэ илъэсыр) тефэрабгъоу щыІэх мэфэл зытебгъашІэ мыхъущт щытыкІэу 9 ыкІи щыІэныгъэр къэухъумэгъэнымкІэ Іофыгъоу 9, хэтрэ цІыфкІи зэгъэшІэгъошІу хъущтхэр.

## ЩЫТЫКІЭУ АПЭРЭ ІЭПЫІЭГЪУР ЗЯБГЪЭГЪОТЫН ФАЕХЭМ ЯПЧЪАГЪ:

1. Акъылыр щыуагъэмэ.
2. Жьыкъащэр ыкІи (е) лъызекІор зэпыугъэмэ.
3. ЖьырыкІуапІэхэр щымыщ пкъы горэмкІэ пыубытыкІыгъэхэу ыкІи нэмыкІэу щыІэныгъэмкІэ ыкІи псаунығъэмкІэ щынагъоу къэхъухэу жьыкъащэр зэщызыгъакъохэрэр.
4. Нэрылъэгъу лъы кІэкІыныр.
5. Утынхэу, уІагъэхэу ыкІи фыкъоныгъэхэу механическэ, химическэ, электрическэ, термическэ зэщыгъэкъоныгъэхэу хъухэрэр, нэбзыим къыхэкІыхэрэр.
6. Шхъо ехыныгъэр.
7. Щэнаут псэушъхьэхэм яцэкъапІэхэр е уапІэхэр.
8. Акъыл щыоныгъэм къыхэкІырэ фэщ къыхэхьэныгъэхэр.
9. КъызэкІэнэныгъэшхом къыхэкІырэ психологическэ зэхэшІэ лъэшхэр.

## АПЭРЭ IЭПЫIЭГЪУР ЯГЪЭГЪОТЫГЪЭНЫМКIЭ IОФЫГЪО ЗЭХЭТХЭМ ЯЗЭКIЭЛЪЫКIУАКI:

1. Iофым изытет къызэрэпщыхъурэр бгъэунэфыныр ыкIи апэрэ IэпыIэгъур ягъэгъотыгъэным пае щынэгъончъэ щытыкIэхэр ибгъэкъунхэр.
2. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм (къызэрахыгъэхэм) ыпкъ къызэпэшъуплъыхь лъыкъичъыпIэ горэ къыхэжъугъэщыным пае. ИщыкIагъэу зыхъурэм лъэу къичъырэр зы шIыкIэкIэ е шIыкIэ заулэкIэ пIалъэкIэ къэжъугъэуцунэу Iофыгъор жъугъэцакIэ.
3. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм псэ зэрыхэтыр зэжъугъашIэ.
4. Гу-тхьабылмэ псэ къахэгъэхьажьыныр гъэцэкIэгъэныр ыкIи жьы рыкIуапIэхэм яжьырыкIон зэпымыуным лъыплъэгъэныр.
5. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ хэзыгъэ фэмыхъоу къызэпэплъыхьаныр ыкIи цIыфэу лые къызэрахыгъэм (иакъыл щымыуагъэмэ) еупчIыгъэныр зэгъэшIэным пае ыпкъышъол  зэщыкъоныгъэ, уIагъэ фэхъугъэмэ, шхъо зыгорэм къырихыгъэмэ, щэнаут зыIулъ псэушъхьэмэ яцэкъапIэхэр е еуапIэхэр фэхъугъэхэмэ, механикэ, химие, электрэ, термэ  зэщыгъэкъон горэхэр фэхъугъэхэмэ, нэбзыйдзыным ыкIи нэмыкIым къыхэкIэу ищыIэныгъэрэ ыкIи ипсауныгъэрэ агъэфыкъонхэм ищынагъо шъхьащытмэ.
6. Пкъышъол зэщыкъоныгъэу, уIагъэ фэхъугъэу, шхъоу зыгорэм къырихыгъэм, щэнаут зыIулъ псэушъхьэмэ яцэкъапIэхэу е еуапIэхэу фэхъугъэхэмэ, механикэ, химие, электрэ, термэ  зэщыгъэкъон горэхэу фэхъугъэхэмэ, нэбзыйдзыным ыкIи нэмыкIым къыхэкIэу ищыIэныгъэрэ ыкIи ипсауныгъэрэ агъэфыкъонхэм къыхэкIрэмэ ялъытыгъэу апэрэ IэпыIэгъур егъэгъотыгъэныр.
7. Iэзэгъу уцхэу медицинэмкIэ агъэфедэхэрэу ыпэкIэ Iазэм къыфыритхыкIыгъагъэхэр зэрихьылIэнхэм паекIэ цIыфэу лые къызэрахыгъэм IэпыIэгъу фэхъугъэныр.
8. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ шIоу къезэгъырэ щытыкIэ егъэгъотыгъэныр ыкIи зэщымыкъоным лъыплъэгъэныр.
9. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм укъеджэныр (ыпэкIэ къеджэгъахэхэу щымытмэ), изэрэщыт улъыплъэныр, психологическэу удэIэпыIэныр, бгъэкощыныр, зепщэныр, дэкIырэ медицинэ IэпыIэгъу псынкIэ купым, медицинэ купзэхэтым, тегъэпсыхьэгъэ къулыкъухэу, апэрэ  IэпыIэгъур ягъэгъотыныр зипшъэрылъхэм ятыжьыныр.

УФ ФУ «ЦIыфхэм япсауныгъэ къэухъумэгъэным ылъапсэхэр» 21.11.2011 зи № 323  аштагъэм ия 31 ст. къыделъытэ Урысыем ицIыф пэпчъ гузэжъогъу чIыпIэхэм фэухьазырыныгъэ е есэныгъэ иIэмэ апэрэ IэпыIэгъур аригъэгъотынымкIэ фитыныгъэ иIэу. Ащ имызакъоу, статьяу   «Амал имыIэу ищыкIагъэмэ» УФ и Хабзэм къемызэгъыхэрэ, ГъэIорышIэпIэ ыкIи Граждан Кодексхэм цIыфэу лые къызэрахыгъэр лIэми е апэрэ IэпыIэгъур ригъэгъотызэ  гухэлъ зыфыримыIэ зэрар рихыгъэми цIыфэу апэрэ IэпыIэгъур езгъэгъотыгъэр къаухъумэ.

# ДЭТХЭР

Iофыгъо зэхэтхэу апэрэ Iэпыlэгъур ягъэгъотыгъэным пае къэпчъыгъэхэр 11

ЗэкIэ зэкIэлъыкIоу шIэгъэн фаехэр фыкъуагъэхэр зыхэт хъугъэ-шIагъэхэр зыщыхъугъэ чIыпIэм 12

1. Iофым изытет къыдзэгъэныр ыкIн щынагъоу щытыхэр дэгъэзыжьыгъэнхэр. Лые къызэрахыгъэр гъэкощыныр. 14

1.1. Лые къызэрахыгъэр кум е екIолIапIэ зимыIэ чIыпIэм къихыжьыныр. 15

1.2. Лые къызэрахыгъэр гъэкощынымкIэ пстэуми язэфэдэ хабзэхэр. 16

2. Лые къызэрахыгъэр зэфэдэкIэ къызэпэплъыхьаныр ыкIи кIышъом лъы къичъэу щытмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 19

3. Акъылымрэ ыкIи жьыкъащэмрэ язытет иплъэкIун шIыкIэр. 24

4. Гу-тхьабыл псэ къыхэгъэхьэжьыныр гъэцэкIэныр. 25

4.1. Бгъэ-цэгэзэхэтхэм атеIукIэгъэныр зэрегъэкIогъэщтым ихабзэхэр. 25

4.2. Шыгъэ жьы къэщэныр зэрегъэкIогъэщтым ихабзэхэр. 27

4.3. Автоматикэу лажьэрэ кIышъо дефибрилляторыр (АКIД) гъэфедэгъэныр. 27
4.4. Щымыщ пкъыгъом жьырыкIуапIэхэм жьы адэкIыныр зызэщигъакъорэм апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 29
5. Лые къызэрахыгъэр хэзыгъэнчъэу къызэпэплъыхьан ыкIи еупчIын Iофыгъохэр гъэцэкIэныр 31
6. Пкъышъолым зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ, нэбзыйдзыным, температурэшхохэм, химическэ веществэхэм зэрар къырахыгъэмэ, щэнаут зыIулъ псэушъхьэхэр къецэкъагъэхэмэ е къеуагъэхэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 32
6.1. Пкъышъолым зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 32
6.1.1. Шъхьэм зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 32
6.1.2. Нэмрэ ыкIи напIэмрэ зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 33
6.1.3. Пэм лъы къичъэу зыхъурэм апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 34
6.1.4. Пшъэм зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 35
6.1.5. Бгъэ-цэгэзэхэтыр уIагъэу зыхъурэм апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 35
6.1.6. Ныбэм зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 37
6.1.7. Iэпкъ-лъэпкъхэм зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр. 38

6.2. Шхъо къызэрахыгъэм апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 41
6.2.1. Щэнаут зыlуфагъэм апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 41
6.2.2. Шхъо езыхырэ веществэхэр жьырыкlуапlэхэмкlэ къызыхахьэхэкlэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 42
6.2.3. Нэхэм зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 43
6.3. Псыжъом истыгъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 44
6.4. Тыгъэр (фэбэшхо) къеуагъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 46
6.5. Пыщтыгъэ зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 48
6.6. Егъэлыягъэу чъыlэ еуагъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 49
6.7. Электрэ ток къеуагъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 49
6.8. Щэнаут зыlулъ псэушъхьэхэр къецэкъагъэхэмэ е къеуагъэхэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 51
6.8.1. Блэр къеуагъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 51
6.8.2. Хьэцlэ-пlацlэхэр къецэкъагъэхэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 52

6.9. Мэхыгъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 53

6.10. Фэщ къыхэхьагъэмэ, пкъыкIэзэз хъугъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 53

7. Iэзэгъу уцхэу медицинэкIэ ыгъэфедэнхэу ыпэкIэ Iазэм (врачым) къыфыритхыкIыгъэхэр лые къызэрахыгъэм зэрихьылIэнхэу апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр. 54

8. Лые къызэрахыгъэм ыпкъы ищыкIэгъапIэ егъэгъотыныр ыкIи умыгъэкощыныр. 55

9. Психологие IэпыIэгъу егъэгъотыныр. 56

# АПЭРЭ IЭПЫIЭГЪУР ЯГЪЭГЪОТЫГЪЭНЫМКIЭ IОФЫГЪО ЗЭХЭТХЭМ ЯЗЭКIЭЛЪЫКIУАКI:

1.Iофым изытет гъэунэфыгъэныр ыкIи апэрэ Iэпылэгъур ягъэгъотыгъэным пае щынэгъончъэ щытыкIэхэр игъэкъугъэнхэр.

2. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм (къызэрахыгъэхэм) ыпкъ къызэпэплъыхьаныр лъыкъичъыпIэ горэ къыхэгъэщыгъэным пае. ИщыкIагъэу зыхъурэм лъэу къичъырэр зы шIыкIэкIэ е шIыкIэ заулэкIэ пIалъэкIэ къэгъэуцугъэнэу Iофыгъохэр гъэцэкIэнхэр.

3. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм псэ зэрэхэтыр зэгъэшIэгъэныр

## АКЪЫЛЫР ЩЫУАГЪЭП:

5. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ хэзыгъэ фэмыхъоу къызэпэплъыхьаныр ыкIи цIыфэу лые къызэрахыгъэм (иакъыл щымыуагъэмэ) еупчIыгъэныр зэгъэшIэным пае ыпкъышъол зэщыкъоныгъэ, уIагъэ фэхъугъэмэ, шхъо зыгорэм къырихыгъэмэ, щэнаут зыIулъ псэушъхьэмэ яцэкъапIэхэр е еуапIэхэр фэхъугъэхэмэ, механикэ, химие, электрэ, термэ зэщыгъэкъон горэхэр фэхъугъэхэмэ, нэбзыйдзыным ыкIи нэмыкIым къыхэкIэу ищыIэныгъэрэ ыкIи ипсауныгъэрэ агъэфыкъонхэм ищынагъо шъхьащытмэ.

6. Пкъышъол зэщыкъоныгъэм, уIагъэ фэхъугъэу, шхъоу зыгорэм къырихыгъэм, щэнаут зыIулъ псэушъхьэмэ яцэкъапIэхэу е еуапIэхэу фэхъугъэхэмэ, механикэ, химие, электрэ, термэ зэщыгъэкъон горэхэу фэхъугъэхэмэ, нэбзыйдзыным ыкIи нэмыкIым къыхэкIэу ищыIэныгъэрэ ыкIи ипсауныгъэрэ агъэфыкъонхэм къыхэкIрэмэ ялъытыгъэу апэрэ Iэпылэгъур егъэгъотыгъэныр.

7. Iэзэгъу уцхэу медицинэмкIэ агъэфедэхэрэу ыпэкIэ Iазэм къыфыритхыкIыгъагъэхэр зэрихьылIэнхэм паекIэ цIыфэу лые къызэрахыгъэм IэпыIэгъу фэхъугъэныр.

8. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ шIоу къезэгъырэ щытыкIэ егъэгъотыгъэныр ыкIи зэщымыкъоным лъыплъэгъэныр.

## АКЪЫЛЫР ЩЫУАГЪ:

4.Гу-тхьабылмэ псэ къахэгъэхьажьыныр гъэцэкIэгъэныр ыкIи жьы рыкIуапIэхэм яжьырыкIон зэпымыуным лъыплъэгъэныр.

9. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм укъеджэныр (ыпэкIэ къеджэгъахэхэу щымытмэ), изэрэщыт улъыплъэныр, психологическэу удэIэпыIэныр, бгъэкощыныр, зепщэныр, дэкIырэ медицинэ IэпыIэгъу псынкIэ купым, медицинэ купзэхэтым, тегъэпсыхьэгъэ къулыкъухэу, апэрэ IэпыIэгъур ягъэгъотыныр зипшъэрылъхэм ятыжьыныр.

# ЗэкӀэ зэкӀэлъыкӀоу шӀэгъэн фаехэр фыкъуагъэхэр зыхэт хъугъэ-шӀагъэхэр зыщыхъугъэ чӀыпӀэм:



1. ОрыкӀи ыкӀи цӀыфэу лые къызэрахыгъэмкӀи зыпари щынагъо зэрэщымыӀэр гъэунэфы. Медицинэ Ӏалъэхэмрэ ыкӀи нэӀурыхъохэмрэ гъэфедэх. ЦӀыфэу лые къызэрахыгъэмэ япчъагъэ гъэунэфы, ыкӀи, амал зэрэуиӀэу, макъэ ягъэӀу апэрэ ӀэпыӀэгъур ябгъэгъотыным узэрэфэхьазырыр. ЖьырыкӀуапӀэхэр щымыщ пкъы горэмкӀэ пыубытыкӀыгъэхэу зыхъурэм жьыр арыкӀонэу гъэпсыжь.



2. ЦӀыфэу лые къызэрахыгъэм (къызэрахыгъэхэм) ыпкъ къызэпэплъыхь. ЛъыкъичъыпӀэ къыхэбгъэщыгъэмэ лъэу къичъырэр къэбгъэуцунэу Ӏофыгъор гъэцакӀэ (еплъ н. 18).

3. ЦӀыфэу лые къызэрахыгъэм иакъыл щыуагъэ-щымыуагъэмэ (еплъ н. 23) ыкӀи жьы къещэмэ жъугъэунэфы. Иакъыл щымыуагъэмэ уцугъоу зи № 5-м зыфэжъугъаз ыкӀи етӀанэ.




4.1. Иакъыл щыуагъэу, жьы къымыщэу щытэу ыкӀи ылъ къемыкӀокӀырэмэ (ор-орэу е узхэтхэр къыздебгъаӀэхэзэ) медицинэ ӀэпыӀэгъу псынкӀэм номерэу 103-мкӀэ е 112-мкӀэ къедж.




Гу-тхьабылмэ псэ къахэгъэхьажьыныр гъэцэкӀэгъэныр ежъугъажь бгъэ-цэгэзэхэтхэм шъуатеӀункӀэзэ ыкӀи шӀыгъэ жьы къэщэныр режъугъэкӀокӀ (еплъ н. 24) жьыкъэщэгъуитӀур теӀункӀэгъу 30-м къыкӀэлъыкӀохэу.

**ЩыӀэмэ, автоматикэу лажьэрэ кӀышъо дефибрилляторыр жъугъэфедэ (еплъ н. 26)**



4.2. Иакъыл щыуагъэу псэ зэрэхэтыр цӀыфэу лые къызэрахыгъэм къызыщынафэрэм (е ащ фэдэ нэшанэхэр апэ дэдэ ащ иӀагъэхэмэ) ышъхьагъырэ жьы рыкӀуапӀэхэм яжьырыкӀон зэпымыуным иӀоф жъугъэцакӀэ (бгъупӀэ мыхъые) е цӀыфэу лые къызэрахыгъэм ышъхьэ дэжъугъэзыи ыкӀи ыжъэпкъ Ӏатыгъэу шъуӀыгъы (бгъупӀэ мыхъые ежъугъэгъотынэу амал щымыӀэу зыхъурэм).



5. ЦӀыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ хэзыгъэ фэмыхъоу къызэпэплъыхьаныр жъугъэцакӀэ ыпкъышъол зэщыкъоныгъэ, уӀагъэ фэхъугъэмэ, шхъо зыгорэм къырихыгъэмэ, щэнаут зыӀулъ псэушъхьэмэ яцэкъапӀэхэр е еуапӀэхэр фэхъугъэхэмэ, механикэ, химие, электрэ, термэ зэщыгъэкъон горэхэр фэхъугъэхэмэ, нэбзыйдзыным ыкӀи нэмыкӀым къыхэкӀэу ищыӀэныгъэрэ ыкӀи ипсауныгъэрэ агъэфыкъонхэм ищынагъо шъхьащытмэ къыхэгъэщыгъэным пае.




6. Къыхэжъугъэщыгъэхэ нэшанэхэм ялъытыгъэу апэрэ ӀэпыӀэгъур ежъугъэгъот.

7. Ӏэзэгъу уцхэу ыпэкӀэ Ӏазэм къыфыритхыкӀыгъагъэхэр зэрихьылӀэнхэмкӀэ цӀыфэу лые къызэрахыгъэм ӀэпыӀэгъу шъуфэхъу.



8. Утынхэу фэхъугъэхэм ялъытыгъэу ыкIи изытет къызэригъэнафэу цIыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ шIоу къезэгъырэ щытыкIэ ежъугъэгъот (еплъ н.  54).



9. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм шъукъедж (ыпэкIэ къеджэгъахэхэу щымытмэ). Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэ купыр е нэмыкI къулыкъухэр къынэсыфэхэкIэ цIыфэу лые къызэрахыгъэм изэрэщыт шъулъыплъ, психологическэу шъудэIэпыI. ДэкIырэ медицинэ IэпыIэгъу псынкIэ купыр къызысыкIэ цIыфэу лые къызэрахыгъэр яшъутыжь, яупчIэхэмкIэ джэуап шъуафэхъужь ыкIи амалымкIэ шъуишIуагъэ яжъугъэкI.

## 1. Iофым изытет къызэрэпщыхъурэр бгъэунэфыныр ыкIи щынэгъончъэ щытыкIэхэр щыбгъэзыенхэр.  ЦIыфэу лые къызэрахыгъэр бгъэкощыныр.



**Зышъуплъыхь, шъоркIэ ыкIи цIыфэу лые къызэрахыгъэмкIэ щынэгъончъагъэр зынэсырэр жъугъэунэфы. ИщыкIагъэу щытымэ цIыфэу лые къызэрахыгъэр щынэгъончъэ чIыпIэм жъугъэкощы. Ащ пае цIыфэу лые къызэрахыгъэр зэрагъэкощырэ изы шIыкIэ жъугъэфедэ.**

## 1.1. Лые къызэрахыгъэр кум е екIолIапIэ зимыIэ чIыпIэм къихыжьыныр.



**Пстэуми апэу, шъо щынэгъончъапlэ шъуузэритыр жъугъэунэфы!**

**Сыдигъуа лые къызэрахыгъэр кум е екlолlапlэ зимыlэ нэмыкl чlыпlэм къызипхыжьын фаер:**

- ищыlэныгъэрэ ыкlи ипсауныгъэрэ щынагъо ашъхьащытмэ.
- лые къызэрахыгъэр чlыпlэу зэрыфагъэм дэжь апэрэ lэпыlэгъур щегъэгъотыгъэнэу амал имыlэмэ.



Пшъэр lэкlэ умыубытыгъэу къихыжьыныр:

- гъончэдж бгырыпхыр е бгыр пlыгъыхэу лые къызэрахыгъэм ыкlыб макlэу къызфэбгъэзэн фае;
- пlэхэр блыгучlэхэм ачlэплъхьанхэшъ, лые къызэрахыгъэм ыlабл зы lэкlэ уубытыщт;
- лые къызэрахыгъэр къипхыжьыщт.



Пшъэзэрэlыгъыр зэкlэубытагъэу къихыжьыныр:

- ыпшъэкlэ къэтхыхьэгъэ шlыкlэхэр гъэцэкlэгъэнхэр;
- ащ дакlоу lэу, лые къызэрахыгъэм иlэнтэгъоу уфагъэм пэблагъэмкlэ, ыжэпкъ уубытынышъ ыкlи лые къызэрахыгъэм ышъхьэ убгъэ теплъхьащт;
- лые къызэрахыгъэр къипхыжьыщт.

Лые къызэрахыгъэр къызипхыжьыхэкlэ щынэгъончъэ чlыпlэм гъэкощ.



**Пшъэзэрэlыгъым  зэщыкъоныгъэ фэхъугъэу уегуцафэмэ шъхьэри пшъэри уубытынхэ фаех.**

## 1.2. Лые къызэрахыгъэр гъэкощынымкlэ пстэуми язэфэдэ хабзэхэр.



ДэкIояпIэм ышъхьэкIэ кIохэу зыхъурэм (цIыфзещэм ыкIоцI рахьэу зыхъурэм) лые къызэрахыгъэр ышъхьэ ыпэу зэрахьэ.



ДэкIояпIэм ыхэкIэ кIохэу зыхъурэм (цIыфзещэм къырахэу зыхъурэм) лые къызэрахыгъэр ылъакъохэр ыпэу зэрахьэ.



Лъыбэ зыкIэкIыгъэ лые къызэрахыгъэр агъэкощэу зыхъурэм ылъакъохэр ышъхьэ нахьи нахь лагэу щытынхэ фае.



Апэ итэу лые къызэрахыгъэр зыхьырэр зытеуцорэм гуфаплъэу еплъы ыкIи ыуж итым реlо пэрыохъоу зэрихьылIэхэрэр. Ыуж итэу лые къызэрахыгъэр зыхьырэр ащ изэрэщыт лъэплъэ ыкIи зыщищыкIагъэм макъэ къешIы; «Къэуцу! Къэжынэу ригъэжьагъ!» е «Къэуцу! Иакъыл щыуагъ!»

## ЛЫЕ КЪЫЗЭРАХЫГЪЭР АГЪЭКОЩЫ ХЪУМЭ «ЗЭДЭЛЪЭБАКЪОХЭУ»! КIОНХЭУ ХЪУХЭЩТЭП



**Лые къызэрахыгъэр цӀыфзещэм нэс е щынэгъончъэ чӀыпӀэм, утынэу тещагъэхэр зыфэдэхэм ыкӀи лые къызэрахыгъэм изытет, зыгъэкощыхэрэмэ япчъагъэрэ ыкӀи гъэретэу яӀэхэмрэ ялъытыгъэу шӀыкӀэ зэфэшъхьафхэмкӀэ бгъэкощын плъэкӀыщт.**

а. Лые къызэрахыгъэр шъхьэзакъоу кӀэтэу гъэкощыныр. Лые мыхьылъэ къызэрахыгъэхэу зиакъыл щымыуагъэхэр агъэкощынхэу зыхъурэм агъэфедэ.



б. Лые къызэрахыгъэр шъхьэзакъоу лъэшъузэ гъэкощыныр. Лые къызэрахыгъэхэ мыонтэгъухэр мычыжьэу агъэкощынхэу зыхъурэм агъэфедэ. Лые къызэрахыгъэхэм яычӀэгъырэ Ӏэпкъ-лъэпкъхэм утын тещагъэмэ бгъэфедэныр ищыкӀагъэп.



в. Лые къызэрахыгъэр шъхьэзакъоу ыкӀыб илъэу гъэкощыныр. Лые къызэрахыгъэхэ мыонтэгъухэр агъэкощынхэу зыхъурэм агъэфедэн алъэкӀыщт. Лые къызэрахыгъэхэу зиакъыл щыуагъэхэр агъэкощынхэу зыхъурэм агъэфедэрэп.



г. Лые къызэрахыгъэр ӀэкӀэ аӀыгъэу агъэкощыныр.  Зыгъэфедэхэрэр ащ фэдэ шӀыкӀэм пае гъэрет икъоу зиӀэхэр ары.  Мы шӀыкӀэмкӀэ бгъэкощынхэ плъэкӀыщтых  лые къызэрахыгъэхэу зиакъыл щыуагъэхэр. Лые къызэрахыгъэхэу зитхыкъупшъхьэ утын тыращагъэу зэгуцафэхэрэр мырэущтэу зепхьаныр ищыкӀагъэп.



д. Лые къызэрахыгъэр шъхьэзакъоу ытамэ телъэу гъэкощыныр. Мы шIыкIэмкIэ бгъэкощыхэ хъумэ лые къызэрахыгъэм ыIэ дэпIыгъынэу щыт. Лые къызэрахыгъэхэу зыбгъэ, зыныбэ ыкIи зитхыкъупшъхьэ утын тыращагъэхэр агъэкощыхэ хъумэ мы шIыкIэр агъэфедэрэп.



е. Лые къызэрахыгъэр нэбгыритIумэ аIэхэр плIэнэбз убытыкIэу агъэкощыныр. АIэхэр мырэущтэу зэрагъэубытых, зы IэмкIэ ыIапшъэ ыубытынышъ, къыдэIэпыIэрэм ыIапшъэ диубытыжьыщт. IэтхьэцухэрикъуфэдизэуПытэу зэкIэубытагъэхэу щытынхэ фае, лые къызэрахыгъэр аIыгъынхэм пае.



ж. ПлIэнэбз убытыкIэу аIэхэр зызэрагъэубытыхэрэм ыуж лые къызэрахыгъэр ащ тетIысхьэ, ащ уж ар къаIаты ыкIи агъэкощы. Лые къызэрахыгъэр зыгъэкощыхэрэ цIыфхэм аплIэIухэр диIыгъынхэ ылъэкIыщт.



з. Лые къызэрахыгъэр нэбгыритIумэ аIэхэр щэнэбз убытыкIэу ыкIыби даIыгъэуи агъэкощыныр. Мы шIыкIэр бгъэфедэ хъумэ апэрэ IэпыIэгъур езыгъэгъотыритIумэ язырэм ыIапшъэ ымыубытыжьэу адрэм ытамэ регъэкIу. А Iэм лые къызэрахыгъэм зытыригъэкIэн ылъэкIыщт.  Арэущтэу агъэкощых лые къызэрахыгъэхэу зиакъыл щыоным тещыныхьэрэм е лые къызэрахыгъэхэу плIэнэбз убытыкIэм темызэгъэщтхэр.



и. Лые къызэрахыгъэр нэбгыритIумэ ыIэхэр ыкIи ылъакъохэр зэдаIыгъыхэу агъэкощыныр. Мы шIыкIэмкIэ бгъэкощы хъумэ апэрэ IэпыIэгъур езыгъэгъотыритIумэ язырэм лые къызэрахыгъэм зы IэмкIэ ыблыпкъ ыIыгъ, ыблыгучIэмэ ыIэхэр ачIигъэкIыгъэу, адырэм – ылъэгуанджэхэм.



к. Лые къызэрахыгъэу зитхыкъупшъхьэ утын тыращагъэу зэгуцафэхэрэр агъэкощыныр. Лые къызэрахыгъэу зитхыкъупшъхьэ утын тыращагъэу зэгуцафэхэрэр агъэкощыным пае нэбгырэ заулэ ищыкIагъ, апэрэ IэпыIэгъур языгъэгъотырэмэ язырэм ипэщэныгъэкIэ лые къызэрахыгъэр къаIаты ыкIи агъэкощы. Агъэкощы хъумэ апэрэ IэпыIэгъур языгъэгъотырэмэ язырэм ыIэблыхэмкIэ лые къызэрахыгъэм ышъхьэрэ ыкIи ыпшъэрэ мыхъыенхэу ыIыгъынхэу щыт. Лые къызэрахыгъэу зитхыкъупшъхьэ утын тыращагъэу зэгуцафэхэрэмкIэ нахь гупсэфыр зы пкъые горэм (гущыIэм пае, пхъэмбгъум) телъэу зепхьаныр ары.

## 2. Лые къызэрахыгъэр зэфэдэкIэ къызэпэплъыхьаныр ыкIи кIышъом лъы къичъэу щытмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр.



ОрыкIи ыкIи цIыфэу лые къызэрахыгъэмкIи зыпари щынагъо зэрэщымыIэр гъэунэфы. Медицинэ Iалъэхэмрэ ыкIи нэIурыхъохэмрэ гъэфедэх лые къызэрахыгъэр биологие псышъохэм ащыуухъумэным пае. Лые къызэрахыгъэр жъугъэкощы (ищыкIагъэу щытмэ).



Псынкlэу (1-2-кlэ такъишъэкlэ) зэфэдэкlэ къызэпэплъыхьаныр жъугъэцакlэ кlышъом лъыкъичъыпlэ иныр къыхэжъугъэщыным пае. Лъэу къичъырэр анахьэу къекlурэ шlыкlэмкlэ е шlыкlэ заулэкlэ къэжъугъэуцунэу lофыгъор жъугъэцакlэ.

## Кlышъом лъэу къичъырэр пlалъэкlэ къэгъэуцунэу шlыкlэхэр:



1. Уlагъэм занкlэу теlункlэгъэныр жъугъэцакlэ.



2. Текъузагъэу шъупхы. lупэлъэкl зэтеуплlэнкlэгъэ заулэхэмкlэ е псынс псыгъо зэтелъхэмкlэ уlагъэр зэфэшъушl. Ыкlыlу пытэу зэпышъупхыкl. Тепхэм лъыр къыпхырыкlэу зыхъурэм ащ ыкlыlу джыри lупэлъэкl заулэ пытэу зэтеуплlэнкlагъэхэу тешъулъхьэх ыкlи тепхэм ыкlыlу шъуlэгукlэ пытэу шъутеlункl.



Уlагъэм щымыщ пкъы горэ хэлъмэ псыпс щыхьагъэхэмкlэ, тещхэмкlэ е тепхэмкlэ мыкощышъунэу ежъугъэубыт.

**Уlагъэм щымыщ пкъыхэр хъугъэ-шlэгъэ чlыпlэм къыщыхэхынэу адэрэп!**

Медицинэ lэпыlэгъу псынкlэм (ор-орэу е узхэтхэр къыздебгъаlэхэзэ) къедж.



3. Лъыкъэгъэуцу уlэгъэпс къещэкl.

**Лъыкъэгъэуцу уlэгъэпсыр lэпкъ-лъэпкъым къызыращэкlырэр нэмыкl шlыкlэкlэ лъыкъичъыр къэбгъэуцун умылъэкlырэмэ е ахэм пкlэ ямыlэмэ!**

Уlэгъэпсыр къыращэкlы хъумэ лые къызэрахыгъэм ищыгъын щыщ кlэбзэ шъабэр чlалъхьэ (фэшlэу шlыгъэ уlэгъэпсыр арымырмэ) уlагъэм ышъхьагъыкlэ ыкlи нахь пэблагъэу (уlагъэм см 5-7-кlэ къыкlэрыкlыгъэу).



Уlэгъэпсыр lэпкъ-лъэпкъым ычlэгъ къычlэшъущ ыкlи зэпэшъукъудый. Уlэгъэпсым изэкъещэкlыгъо шъушlи жъугъэунэфы уlагъэм лъы къызэримычъыжьырэр.



Уlэгъэпсым икъыкlэлъыкlорэ къещэкlыгъохэр нахь макlэу шъукъузызэрэ зыкъещэкlыгъом ызыныкъо къыдежъугъэубытызэ ышъхьэкlэ шъудэкlуаезэ къешъущэкl.



Уlэгъэпсым ычlэгъы чlашъулъхь тхыгъэ кlэкl зытешъулъхьэгъэ мафэмрэ ыкlи охътэ шъыпкъэ дэдэмрэ тетхагъэхэу. Уlэгъэпсыр тепхэ е щыгъын чlэгъы шъумышl.



Утын зытещэгъэ lэпкъ-лъэпкъым уlэгъэпсыр зытешъулъхьахэкlэ мыхъыенэу (зыпкъ итыныр гъэпытэн) шъушlын фае ыкlи щыгъын фабэ е термэчыхlан къепщэкlын фае.

Уlэгъэпсыр тепщыхьанымкlэ анахьыбэ дэдэу зиягъэ къыомыкlырэ уахътэр – сыхьати 2 илъэсым исыд фэдэрэ лъэхъани. А уахътэм шlокlымэ уlэгъэпсыр зыщытепхыжьын плъэкlыщт КЪОДЫЕР фытегъэпсыхьэгъэ медицинэ къылыкъушlапlэр ары.



**Уlэгъэпсыр зытепщыхьан плъэкlыщтхэр лъэкlапlэр ыкlи lэблыр арых!**



**Уlэгъэпсыр атыращыхьэрэп къупшъхьэ зэрытыпlэхэм, тамэм изыщанэ агурэм ыкlи ком ычlэгъырэ изыщанэ!**

## Анахьыбэ дэдэу уахътэу уlэгъэпсыр тепщыхьанымкlэ щылэр мыклозэ, lэпылэгъур ащ ыпэу къэмысымэ, фэухьазырыныгъэ шъуилэмэ мырэущтэу шъушlы:



1. Уlагъэм занкlэу теlункlэгъэныр жъугъэцакlэ.
2. Уlэгъэпсыр къэжъугъэланл такъикъ 15-кlэ.
3. Амалэу щылэмкlэ lэпкъ-лъэпкъыр lотыныр жъугъэцакlэ.
4.Уlэгъэпсыр ыпэкlэ къызыщешъущэкlыгъэгъэ чlыпlэм тlэкlу нахь лъэгаloу къешъущэкlыжь.

**Лъыкъичъыныр ыублэжьыгъэмэ, ыкlи уlагъэм занкlэу теlункlэгъэным ишlуагъэ къэмыклорэмэ – ЕЛБЭТЭУ уlэгъэпсыр къешъукъузэкl!**

Лъыбэ къыклэкlыгъэмэ лые къызэрахыгъэр жъугъэгъолъ ыкlи ылъакъохэр къэшъуlатых.

## Фэшlэу шlыгъэ уlэгъэпсыр къещэкlыныр:



Кусэр уlэгъэпсышъхьэм ишъущ ыкlи lэпкъ-лъэпкъым къешъущэкlи, кусэр къешъукъузэкl.
Щхэпсылэр ежъугъэубыт.
Уlэгъэпсым ибырыу жъугъэчэрэгъу лъыкъичъыныр щегъэтыфэ нэс.
Бырыур зыгъэпытэрэ гъуанэм ишъущ (е нэмыкl шlыкlэкlэ, къыдэзыгъэкlыгъэм иузыгъэгъуазэ елъытыгъэу).

# Табельнэ уIэгъэпсыр щымыIэу зыхъурэм уIэгъэпс-гъэчэрэгъур жъугъэфедэ:



КъышъуIэкIэхьэгъэ пкъыгъом (шэкIым, шъхьатехъом) хэшъушIыкIыгъэ уIэгъэпс-гъэчэрэгъур уIагъэм ышъхьагъ щыгъыным ыкIыIоу е кIышъом шэкI тешъулъхьи Iэпкъ-лъэпкъым къешъущэкI.  ЛъэтIэн къэхъунэу ыцыпэхэр зэкъошъудзэх.



В ЛъэтIэным бэщыр (е нэмыкI пкъыгъоу ихьащырыр) ишъулъхь, зэкъодзапIэм ычIэгъ хъунэу.
Бэщыр къешъущэкIызэ уIэгъэпс-гъэчэрэгъур шъукъузы лъыкъичъыр щегъэтыфэ нэс.
Бэщыр ежъугъэубыт ар къызэкIоцIымычэрэзыкIыным пае.
Табельнэ уIэгъэпсыр зэрэтырапхэрэ хабзэм тетэу уIэгъэпс-гъэчэрэгъури тырапхэ.

## 3. Акъылымрэ ыкIи жьыкъащэмрэ яуплъэкIукIэ шIыкI.



Акъылым изытет шъууплъэкIуным пае зэпэшэу лые къызэрахыгъэм ытамэхэм макIэу шъуятIыргу ыкIи шъуеупчI:
«Сыд уилажь? IэпыIэгъу уищыкIагъа?»



Жьырыкlуапlэхэр къызэlушъухых. Ащ пае зы lэр лые къызэрахыгъэм ынатlэ тешъулъхьан фае, ятlонэрэ lэмкlэ ыжэпкъ lэхъомбитlукlэ къыдэшъуlэтэенышъ ыкlи ышъхьэ къыдэжъугъэзыен фае. Зышъхьащышъууфи шъунэlушъхьэрэ ыкlи шъутхьаклумэрэ лые къызэрахыгъэм ыжэрэ ыкlи ыпэрэ афэжъугъазэх, ыбгъэгу щъуеплъ. Ижьыкъащэ шъукlэдэlу, жьэу къыдигъэкlыжьырэр шъунэlушъхьэкlэ зэхашъушlэ, ыбгъэгу мэхъыемэ е мыхъыерэмэ жъугъэунэфы (такъишъи 10 ипlалъэу).




Жьы къымыщэрэмэ къыжъудэlэпыlэрэр медицинэ lэпыlэгъу псынкlэм къежъугъадж:
«Цlыфым жьы къыщэрэп. Медицинэ lэпыlэгъу псынкlэм шъукъедж, шъукъызэреджагъэмкlэ, макъэ къысэжъугъэlу».

## 4. Гу-тхьабыл псэ къыхэгъэхьэжьыныр гъэцэкlэныр.

## 4.1. Бгъэ-цэгэзэхэтхэм атеlукlэгъэныр зэрегъэкlогъэщтым ихабзэхэр.



**ШЪХЬЭШЪО ПЫТЭ ЗАНКIЭ КЪОДЫЕР АРЫ ЗЫЩАГЪЭЦАКIЭРЭР!**

Бгъэ-цэгэзэхэтым ыгузэгу шъуlэгу лъачlэ тешъулъхь. Ятlонэрэ lэр апэрэм ычыlу тешъулъхьи, lэхъуамбэхэр зэрышъулъхьэх.



Iэнтэгъухэр къэшъуузэнкIых, шъутамэхэр лые къызэрахыгъэм ышъхьагъэу, ыбгъэгу пэчIынатIэхэу шъутеIункIэшъунэу.




Iэхэмкlэ лые къызэрахыгъэм ыбгъэгу шъупкъы ионтэгъугъэкIэ шъутеIункI, см 5-6 хэжъугъэтIысхьэу, такъикъым 100-120-рэ ипчъагъэу.



Илъэс зыныбжь имыкъугъэ кIэлэцIыкIухэм абгъэгу Iэхъомбитlукlэ шъутеIункIэнэу щыт. КIэлэцIыкIу нахьыжъыIохэм – зы Iэ е IитIумкIэ.

## 4.2. Шlыгъэ жьы къэщэныр зэрегъэкlогъэщтым ихабзэхэр.



Зы lэр ынатlэ тешъулъхьи, адрэ lэм иlэхъомбитlyкlэ ыжъэпкъ къыдэшъуlэтыери цlыфэу лые къызэрахыгъэм ышъхьэ дэжъугъэзый,

Цlыфэу лые къызэрахыгъэм ыпэ lэхъомбитlyкlэ пышъуубытыкl. Жьы гупсэфэу къашъущи, шъуlупшlэхэмкlэ цlыфэу лые къызэрахыгъэм ыжэ пышъуубытыкlи, зыпкъ итэу 1 такъикъкlэ жьы къыдэгъэугъор ижьырыкlyaпlэхэм арыжъугъахь. Шlыгъэ жьы къэщэгъуи 2 такъишъи 10-м къемыгъэхъоу тебгъэкlодэн фае.




**Гузылъ.: Мы lофыгъор агъэцакlэу зыхъурэм джэнджэш къаты шlыгъэ жьы къэщэныр ребгъэкlокlыным пае lэмэ-псымэу «жэ-lэмэ-псымэ-жэ» аптечкэхэм хабзэкlэ ахэлъырэр агъэфедэныр.**

Чэзыу-чэзыоу зэблэшъухъузэ шъушlы бгъэ-цэгээзэхэтхэм ятеlyкlэгъу 30-рэ шlыгъэ жьы къэщэгъум ижьы къыдэгъэугъуи 2-рэ, къэгъэнэхъэжьыным цlыфэу хэлажьэрэмэ япчъагъэ емылъытыгъэу.

## 4.3. Автоматикэу лажьэрэ кlышъо дефибрилляторыр (АКlД) гъэфедэгъэныр.



Амал щыlэмэ автоматикэу лажьэрэ кlышъо дефибрилляторыр жъугъэфедэ! Ар зыбгъэфедэмэ хъущтыр ащ лъыпытэу (гукъытеор къызэрэзэтеуцоу), джащ фэдэуи такъикъ 3-5 текlыгъэуи ары.



Д Ащ пае:

- АКIД къышъуфихьынэу къыжъудэIэпыIэрэм шъуелъэIу.
- Чэзыу-чэзыоу зэблэшъухъузэ бгъэ-цэгэзэхэтхэм ятеIукIэгъу 30-рэ шIыгъэ жьы къэщэгъум ижьы къыдэгъэугъуи 2-рэ шъушIызэ гу-тхьабыл псэ къыхэгъэхьажьыныр шъуублэ.
- АКIД къызынагъэсыкIэ – АКIД хэжъугъан ыкIи узыгъэгъуазэхэрэм атетэу шъузекIу:
- электродхэр бгъэ-цэгэзэхэтхэм апыжъугъапкIэх.



**Гузылъытапхъэ: IэпыIэгъум нэбгыритIу е нахьыбэ хэлажьэхэу зыхъурэм, электродхэр апыжъугъапкIэхэ хъумэ Гу-ТП гъэцэкIэныр лъыжъугъэкIотэн фае.**

- Унашъо АКIД къызэратэу жъугъэунэфы цIыфэу лые къызэрахыгъэм зы нэбгыри зэремынэсырэр ыкIи теIункIапIэм шъутеIункI, токыр рыжъугъэчъэнэу.



- Ащ ыуж пышъудзэжь Гу-ТП гъэцэкIэныр.
- ЛъыжъугъэкIуат лые къызэрахыгъэм шъудэIэпыIэныр чэзыу-чэзыоу зэблэшъухъузэ дефибрилляциемрэ ыкIи Гу-ТП!




## Гу-тхьабыл псэ къыхэгъэхьэжьыныр гъэцэкIэныр зэпыбгъэумэ хъущт:

- дэкIырэ медицинэ IэпыIэгъу псынкIэ купыр е тегъэпсыхьэгъэ къулыкъухэр къэсыгъэхэмэ,
- лые къызэрахыгъэр къызэрэпсаужьыгъэр нафэу хъугъэмэ,
- гу-тхьабыл псэкъыхэгъэхьэжьыныр узэрэпшъыгъэм къыхэкIэу (IэпыIэгъум лъебгъэгъэкIотэщт) лъыбгъэкIотэнэу амал уимыIэжьмэ,
- апэрэ IэпыIэгъур езыгъэгъотырэ цIыфым ипсауныгъэкIэ щынагъо къыкъокIыгъэмэ.

## 4.4. Щымыщ пкъыгъом жьырыкIуапIэхэм жьы адэкIыныр зызэщигъакъорэм апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр:



**ЗЫНЫБЖЬ ИКЪУГЪЭХЭМЭ**

Лые къызэрахыгъэм ыкIыб шъукъыдэуцуи ыпэкIэ къэшъууф, Iэгу лъачIэмкIэ 5 унае ыблэбгъуитIумэ азыфагу  лъэшэу шъудау. Огъу пэпчъ ыуж шъууплъэкIузэ шъушIы – пэрыохъур дэжъугъэзыжьышъугъэмэ.



Щымыщ пкъыгъор  дэшъумыгъэзыжьышъугъэмэ, лые къызэрахыгъэм ынаыбашъхьэ IаплIкIэ зэкIэшъуубыт. Iабжым шъушIи ыныбыджы дэжь шъуIэхъомбэшхо шъуадэжькIэ гъэзагъэу шъуубыт. Iабжымэу зэкIэшъулъхьагъэр адрэ IэмкIэ зыIэкIэшъуубыт ыкIи лъэшэу ыкIоцI шъукъэкIэу шъукъыдэкIуаеу ыныбэ шъутеIункI. 5 теIункIэгъу  шъушIы.



**БЗЫЛЪФЫГЪЭ ЗЭПКЪАДЖЭХЭМЭ ЫКIИ ЛЫЕ КЪЫЗЭРАХЫГЪЭ ПЩЭРЫХЭМЭ (АНЫБЭ УТЕО ХЪУЩТЭП Е ПЛЪЭКIЫЩТЭП!)**

БлэбгъуитIумэ азыфагу  шъудэонэу шъуублэ бгъэ-цэгэзэхэтым ычIэгъ шъудытеIункIэзэ.

## КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМЭ



Нэшанэхэр: кIэлэцIыкIум жьы ыгъотырэп, къэгущыIэшъурэп, ошIэ-дэмышIэу къэушхъонтIы, иакъыл щыон лъэкIыщт.

КIэлэцIыкIур шъуIэбл тешъулъхь, ышъхьэ егъэзыхыгъэу, ышъхьэ дэшъуIыгъэу 5 унае ыблэбгъуитIумэ азыфагу шъудау.

Шъузэрэтеуагъэм ишIуагъэ къэмыкIуагъэмэ, бгъэ-цэгэзэхэтым ыхэкIэ 5 унае IэхъомбитIумкIэ шъутеIункI. А Iофыгъохэр жъугъэцакIэх щымыщ пкъыгъор къыдэмызыжьыфэ нэс.




Лые къызэрахыгъэм иакъыл щыуагъэмэ – гу-тхьабыл псэкъыхэгъэхьэжьыныр шъуублэ. Ащ дакIоу шъунаIэ тежъугъэт щымыщ пкъыгъор ыжэ къынэсыжьыгъэмэ, ар игъом къыдэшъухыжьыным пае.



Ижьыкъэщэн зызэтежъугъэуцожьырэм лые къызэрахыгъэм бгъунджыпIэ мыхъые ежъугъэгъот. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэр къэсыфэ нэсыкIэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъулъыплъ!

## 5. Лые къызэрахыгъэр хэзыгъэнчъэу къызэпэплъыхьан ыкIи еупчIын Iофыгъохэр гъэцэкIэныр.

Лые къызэрахыгъэр хэзыгъэнчъэу къызыкIызэпаплъыхьэрэр ыпкъышъол зэщыкъоныгъэ, уIагъэ фэхъугъэмэ, шхъо зыгорэм къырихыгъэмэ, щэнаут зыIулъ псэушъхьэмэ яцэкъапIэхэр е еуапIэхэр фэхъугъэхэмэ, механикэ, химие, электрэ, термэ зэщыгъэкъон горэхэр фэхъугъэхэмэ, нэбзыйдзыным ыкIи нэмыкIым къыхэкIэу ищыIэныгъэрэ ыкIи ипсауныгъэрэ агъэфыкъонхэм ищынагъо шъхьащытмэ къыхагъэщынэу ары.

**Лые къызэрахыгъэр хэзыгъэнчъэу къызэпэплъыхьаныр фэсакъыпэхэзэ ыкIи егугъухэзэ агъэцакIэ!**

1



Лые къызэрахыгъэм ышъхьэ къызэпэшъуплъыхь.

2



Лые къызэрахыгъэм ыпшъэ къызэпэшъуплъыхь.

3



Лые къызэрахыгъэм ыбгъэгурэ ыкIи ыкIыбрэ къызэпэшъуплъыхьэх.

4



5



Лые къызэрахыгъэм ыныбэрэ ыкIи ышхужърэ къызэпэшъуплъыхьэх.

6





Лые къызэрахыгъэм
ыlэ пэпчъ
къызэпэшъуплъыхь.



Лые къызэрахыгъэм хэз имыlэу ылъакъохэр къызэпэшъуплъыхьэх. Ыпкъышъол зэщыкъоныгъэ фэхъугъэу ыкlи нэмыкl щытыкlэхэу лые къызэрахыгъэм ипсауныгъэрэ ищыlэныгъэрэкlэ щынагъоу щытыхэр къыхэжъугъэщыхэмэ, апэрэ lэпыlэгъум иlофыгъохэмэ ащыщэу тефэхэрэр жъугъэцакlэх.

**Ыпкъышъол зэщыкъоныгъэ фэхъугъэу ыкlи нэмыкl щытыкlэхэу лые къызэрахыгъэм ипсауныгъэрэ ищыlэныгъэрэкlэ щынагъоу щытыхэр къыхэжъугъэщыхэмэ, апэрэ lэпыlэгъум иlофыгъохэмэ ащыщэу тефэхэрэр жъугъэцакlэх.**

## 6. Пкъышъолым зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ, нэбзыйдзыным, температурэшхохэм, химическэ веществэхэм зэрар къырахыгъэмэ, щэнаут зыlулъ псэушъхьэхэр къеуцэкъагъэхэмэ е къеуагъэхэмэ апэрэ lэпэlэгъу егъэгъотыныр.

### 6.1. Пкъышъолым зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ lэпэlэгъу егъэгъотыныр.

### 6.1.1. Шъхьэм зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ lэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Лъэу къичъырэр уlагъэм занкlэу теlункlи ыкlи зэтезыкъузэрэ тепхэ фэшlи къэгъэуцу. Медицинэ lэпыlэгъу псынкlэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъэlэхэзэ) шъукъедж. Иакъылырэ ыкlи ижьыкъащэрэ иlэхэмэ шъунаlэ тежъугъэт.




Псэ зэрэхэтыр къэзыушыхьатырэ нэшанэхэр щымыIэхэмэ гу-тхьабыл псэкъыхэгъэхьэжьыныр шъуублэ. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж. IэпыIэгъунчъэу жьыкъэщэныр еублэжьыфэ е медицинэ IофшIакIохэр къэсыфэхэкIэ Гу-ТП лъыжъугъэкIуат.



Жьыкъэщэныр зыпкъ зижъугъэуцожьыхэкIэ (е жьыкъэщэныр къызэтегъэнэгъагъэу щытыгъэмэ) лые къызэрахыгъэм ыпкъ бгъупIэ мыхъые ешъут. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэр къэсыфэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъунаIэ тежъугъэт.

## 6.1.2. Нэмрэ ыкIи напIэмрэ зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр.



Нэмрэ ыкIи напIэмрэ зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ нитIумэ тепхэ афэшъушI (нитIумэ тепхэ афэмышIыгъэ хъумэ, нэ псаур къекIокIэу зыхъурэм нэу зэщымыкъуагъэри ыгъэузэу къыдекIокIыщт ыкIи зэщыкъоныгъэ тедзэхэр фигъэхъущтых). Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм шъукъедж.



**Лые къызэрахыгъэм гъусэм ыIэ ыIыгъэу зекIон фаеу щыт!**

## 6.1.3. Пэм лъы къичъэу зыхъурэм апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Пэм лъы къичъэу зыхъурэм лые къызэрахыгъэр жъугъэтIыси, ышъхьэ макIэу ыпэкIэ режъугъэуфэх. ЫIпэбгъуитIу зэфашъущэхи пышъуубытыкIых, такъикъ 15-20-рэ шъуIыгъы. Арэу щытэу лые къызэрахыгъэм ыжэкIэ жьы къыщэн фае!



Пэбгышъхьэм чъыIэ тешъулъхь (IэплъэкIыжъые цIынэ, ос, мылы).



Лые къызэрахыгъэм лъыр къыужъунтхыжьынэу джэнджэш шъуфэхъу (лъыр кIоцIым ихьэмэ къыгъэжынэу хъущт). Такъикъ 15-20-кIэ лъыр къичъынэу щимыгъэтыжьымэ, медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм шъукъедж.

## 6.1.4. Пшъэм зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Лъы къичъэу зыхъурэм уlагъэм занкlэу теlункlэгъэныр жъугъэцакlэ ыкlи текъузагъэу тепхэ фэшъушl.



Тхыкъупшъхьэм ыпшъэ lахьэ зэщыкъоныгъэ фэхъугъэу гуцафэ щыlэмэ (ГъЦlХъу, лъагэм къефэхыныр, псым зычlэгъэоныр), лые къызэрахыгъэр бгъэкощын фаемэ ышъхьэрэ ыкlи ыпшъэрэ lаплlхэмкlэ мыхъыенхэу lыгъынхэ фае.
Медицинэ lэпыlэгъу псынкlэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаlэхэзэ) шъукъедж.

## 6.1.5. Бгъэ-цэгэзэхэтыр уlагъэу зыхъурэм апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Нэшанэхэр: бгъэ-цэгэзэхэтэу уlагъэм лъыр тхъурбэу къичъэу ыкlи уlагъэм жьыр кlилъашъоу зыхъурэм.
Уlагъэм щымыщ пкъыгъо имылъмэ шъуlэгукlэ уlагъэм шъутеlункl ыкlи жьы имыхьанэу шъушlы. Уlагъэр пхырыкlыгъэу щытмэ хэхьапlэри пхырыкlыпlэри зэфэшъушlых.



УIагъэр жьыр зыпхырымыкIырэмкIэ зэфэшъуш I (уIагъэм зи пкъырымыхьанэу-къыпкъырымыкIынэу шъушIы), тепхэкIэ е тещхэкIэ тежъугъэпытыхь.



Лые къызэрахыгъэр ныкъощысэу утын зытещагъэ лъэныкъомкIэ теуфагъэу шъушIы.



УIагъэм щымыщ пкъыгъо хэлъмэ – псыпс зэтещыхьагъэмкIэ, тещхэкIэ е тепхэкIэ тежъугъэпытыхь мызекIонэу.

**Хъугъэ-шIэгъэ чIыпIэм уIагъэм щымыщ пкъыгъоу хэлъыр къыщыхэпхыныр адэрэп!**

Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж.

## 6.1.6. Ныбэм зэщыкъонығъэ фэхъугъэмэ апэрэ Iэпэ Iэгъу егъэгъотыныр.



Лъы къичъэу зыхъурэм – уIагъэм занкIэу шъутеIункI, зэтезыкъузэрэ тепхэ фэшъушI.

**Адэрэп уIагъэм кIоцIыплъхьажьынхэу къизыгъэхэ кIоцI пкъыхэр, ахэр пкъузыхэзэ тепхэнхэу, щымыщ пкъыгъор уIагъэм къипхыжьынэу.**



КIоцI пкъыхэр къизыхэу ныбэр уIагъэмэ – пкъыхэу къизыгъэхэм псыпс зэтещыхьагъэхэр къяжъугъэIылъэкI (кIоцI пкъыхэу къизыгъэхэр къэшъуухъумэх).



Псыпс зэтещыхьагъэхэм ачыIу техэ е шэкI къабзэ псыкIэ гъэуцIыныгъэу атешъулъхь.  КIоцI пкъыхэу къизыгъэхэр тешъумыкъузэхэу тепхэр ныбэм къешъущэкI.




Ныбэм утын гъушъэ тещагъэу зухъурэм (уIэгъэ нафэхэр ныбашъом къытемыщыхэрэмэ) – ныбэм чъыIэ тешъулъхь, лые къызэрахыгъэм ыIу дэгъэзыягъэу жъугъэгъолъ, ныкъоуфэгъэхэ ылъэгонджэ чIэгъымэ щыхьагъэ ачIашъулъхь ыкIи ылъакъохэр зэфашъущэх.



Лые къызэрахыгъэр шъуухъумэ чъыIэ къыхэмыхьаным пае. ЧыхIэн, щыгъын фабэхэр тешъухъох. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е  узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж.

**Ныбэм зэщыкъоныгъэ фэхъугъэмэ лые къызэрахыгъэр ешъонэу ыкIи ешхэнэу адэрэп! Ипсыфалъэ жъугъэIэсэным пае – ыIупшIэхэр жъугъэуцIыных.**

## 6.1.7. Iэпкъ-лъэпкъхэм зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр.



ОрыкIи ыкIи цIыфэу лые къызэрахыгъэмкIи зыпари щынагъо зэрэщымыIэр гъэунэфы. Медицинэ Iалъэхэр гъэфедэх цIыфэу лые къызэрахыгъэр биологие псышъохэм ащыуухъумэным пае. ЦIыфэу лые къызэрахыгъэр жъугъэкощы (ищыкIагъэу щытымэ).



Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е  узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж. Лъэу кIыIумкIэ къичъырэр къэжъугъэуцу.



ЦӀыфэу лые къызэрахыгъэр шъор-шъорэу жъугъэкощыныр шъуигухэлъмэ – къупшъхьэхэр зыщызэпыкӀыгъэ чӀыпӀэхэр мыхъыенхэу пхъэкӀапхэхэр е къышъуӀэкӀэхьэгъэ пкъыгъохэр щыгъынмэ акӀыӀу тешъулъхьэх.



**Мыхъыеныгъэр зэпыкӀыгъапӀэм ышъхьагъырэ ыкӀи ычӀэгъырэ къупшъхьэзэрытыпӀэхэр мызекӀонхэу зыпшӀырэм гъэцэкӀагъэу мэхъу.**



Зымыгъэхъыехэрэ амалэу бгъэфедэнхэ плъэкӀыщтых пхъэкӀапхэхэр е пкъыгъо пӀокӀэ бгъузэхэр, пхъэмбгъухэр, итхъагъэшӀхэр, чыхэр, тхылъыпӀэ Ӏужъухэр ыкӀи нэмыкӀхэр. ПхъэкӀапхэхэм ачӀыпӀэ жъугъэфедэхэрэм ацакӀэ папцӀэхэр ыкӀи къуачӀэхэр шъуаткӀо шъушӀынхэ фае, псыпс къяшъущэкӀын фае. ПхъэкӀапхэхэр зытешъулъхьэхэкӀэ ахэр псыпсыкӀэ е тещхэкӀэ тежъугъэпытыхьанхэ фае. ЗэпыкӀыгъэхэм пхъэкӀапхэхэр щыгъынымрэ ыкӀи цуакъэхэмрэ акӀыӀу тыралъхьэх.



Къупшъхьэу зэпыкӀыгъэхэр къыхэщыхэу хъумэ а къупшхьэ кутагъэмэ пхъэкӀапхэхэр атеплъхьэхэ хъущтэп.



ПхъэкӀапхэр икӀыхьагъэкӀэ (зэпыкӀыпӀэр хэмытэу) псыпскӀэ Ӏэпкъ-лъэпкъхэм ягулӀагъэу, ау мыпытэ дэдэу, лъыкъекӀокӀыр зэщымыкъоным пае, тебгъэпытыхьан фае. ЫчӀэгъырэ Ӏэпкъ-лъэпкъхэр зыпыкӀыгъэхэмэ пхъэкӀапхэхэр ыбгъуитӀумкӀи тыралъхьэх.



ПхъэкӀапхэхэр е ахэмэ ачӀыпӀэ жъугъэфедэн щымыӀэхэмэ лъакъоу фыкъуагъэр лъэкъо псаум псыпскӀэ ешъупхылӀэнышъ мыхъыенэу шъушӀын шъулъэкӀыщт, Ӏэр – пкъым.



Лые къызэрахыгъэр шъуухъумэ чъыӀэ къыхэмыхьаным пае, псы фабэ ӀашӀоу бэ ежъугъашъу.

## 6.2. Шхъо къызэрахыгъэм апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.

### 6.2.1. Щэнаут зыlуфагъэм апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.




Медицинэ Iэпыlэгъу псынкlэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаlэхэзэ) шъукъедж. Хъугъэр зэжъугъашlэ (lэзэгъу уцхэу зашъуи зэрар къезыхыгъэхэр зэрылъыгъэ къэмланэхэр медицинэ Iофышlэм ежъугъэлъэгъу). Лые къызэрахыгъэм иакъыл щымыуагъэмэ, псы стакани 5-6 ришъунэу ыкlи ыбзэгу лъапсэ теlункlэнышъ къэжынэу ешъуlу. Къэжымэ псы бэу джыри режъугъэшъу. ЫкIоцI къэукъэбзыжьыгъэным пае псышъо л. 2,5–5 фэдизын фае ришъущтыр. Псыр къабзэу къыIокIыжьыфэ нэс ебгъэшъон фае.



**ИАКЪЫЛ ЩЫУАГЪЭМЭ КIОЦIЫР КЪАУКЪЭБЗЫЖЬЫН IОФЫР АГЪЭЦАКIЭРЭП!**

Лые къызэрахыгъэм иакъыл щыуагъэмэ, жьы къещэшъумэ ыкIи (е) ылъ къекIокIымэ жъугъэунэфы.




Псаоу шъуемынэгуерэмэ гу-тхьабылмэ псэ къахэгъэхьажьыным ыуж шъуихь (еплъ н. 24).

Гу-ТП жъугъэцакIэ жьыкъэщэныр зыпкъ еуцожьыфэ е медицинэ Iофышlэхэр къэсыфэхэ нэс.



Ижьыкъэщэн зызэтежъугъэуцожьырэм (е ижьыкъэщэн зэщымыкъогъагъэмэ) лые къызэрахыгъэм бгъунджыпIэ мыхъые ежъугъэгъот. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэр къэсыфэ нэсыкIэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъулъыплъ!



ЧыхIэн, щыгъын фабэхэр лые къызэрахыгъэм тешъухъох.

## 6.2.2. Шхъо езыхырэ веществэхэр жьырыкIуапIэхэмкIэ къызыхахьэхэкIэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр.



ОрыкIи ыкIи цIыфэу лые къызэрахыгъэмкIи зыпари щынагъо зэрэщымыIэр гъэунэфы, шъухьы е шъущэ лые къызэрахыгъэр щынэгъончъэ чIыпIэ, е шъхьангъупчъэхэр къыIушъух, унэм жьы къабзэ къижъугъахь.

**МэшIожь гъозым лые къырихыгъэу зыхъурэм: ынэхэр режъых, ытхьакIумэхэр къыIоох, ышъхьэ мэузы, къэжы, иакъыл щэо, ыкIышъо къэуплъыжьы. Унэм щагъэфедэрэ гъозым лые къырихыгъэу зыхъурэм: ышъхьэ онтэгъу, ышъхьэ мэуназэ, ытхьакIумэхэр къыIоох, къэжы, зэу къарыунчъэу мэхъу, ыгу псынкIэу къытео, чъыер къытео, иакъыл щэо, щагу цIыкIур къыIэпэкIы, кIыфы (шхъуантIэ) ышъо къэхъу, мэхьапщэ, фэщ къыхахьэ.**




Псаоу шъуемынэгуерэмэ гу-тхьабылмэ псэ къахэгъэхьажьыным ыуж шъуихь. Медицинэ ІэпыІэгъу псынкІэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаІэхэзэ) шъукъедж. Гу-ТП жъугъэцакІэ жьыкъэщэныр зыпкъ еуцожьыфэ е медицинэ ІофышІэхэр къэсыфэхэ нэс.



Жьыкъэщэныр зыпкъ зиуцожьыкІэ (е жьыкъэщэныр зэщымыкъогъагъэмэ) лые къызэрахыгъэм бгъунджыпІэ мыхъые ежъугъэгъот. Медицинэ ІэпыІэгъу псынкІэр къэсыфэ нэсыкІэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъулъыплъ.

## 6.2.3. Нэхэм зэщыкъоныгъэ афэхъугъэмэ апэрэ ІэпэІэгъу егъэгъотыныр.




Химием нэр ристыкІыгъэмэ е нэм щымыщ кІэфагъэмэ напІэхэр Іэхъуамбэхэмкіэ зэтешъущыхи, псы къабзэ нэхэм акІэжъугъэчъ (псы фабэмэ нахьышІу). Нэм псы кІэжъугъэчъы хъумэ пэмкІэ къэкІэу дэбжъыкъумкІэ ечъэхымэ нахьышІу.



НитӀуми тепхэ афэшъушӀ (нитӀумэ тепхэ афэмышӀыгъэ хъумэ, нэ псаур къекӀокӀэу зыхъурэм нэу зэщымыкъуагъэри къыдекӀокӀыщт ыкӀи ыгъэузыщт).
Медицинэ Ӏэпыӏэгъу псынкӀэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаӀэхэзэ) шъукъедж.



Лые къызэрахыгъэм гъусэм ыӀэ ыӀыгъэу зекӀон фаеу щыт!

## 6.3. Псыжъом истыгъэмэ апэрэ Ӏэпэӏэгъу егъэгъотыныр.



ОрыкӀэ зыпари щынагъо зэрэщымыӀэр гъэунэфы. Лые къызэрахыгъэр къэгъэуцу, чӀыгум тегъэгъуалъхь.



Щыгъынэу стырэр сыд фэдэрэ шIыкIэу жъугъэкIуасэ (гущыIэм пае, мыстырэ шэкIыр цIыфым къешъухъугъ).



СтыгъапIэр псыкIэ жъугъэучъыIу такъокъ 20 фэдизырэ.




Учэрэпщыгъэхэр къэшъумыгъаох, уIагъэмэ щымыщ пкъыгъохэмрэ ыкIи щыгъынэу епкIыгъэхэмрэ къатешъумых! СтыгъапIэм тепхэ къабзэ фэшъушI ыкIи тепхэм ыкIыIу чъыIэ тешъулъхь. Псы бэу ежъугъашъу.




Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е  узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж.

## 6.4. Тыгъэр (фэбэшхо) къеуагъэмэ апэрэ Iэпэ Iэгъу егъэгъотыныр.



Тыгъэр (фэбэшхо) къеуагъэу къэнафэмэ (плъыр-стыр ыпкъ мэхъу, пкIантIэр къытырекIэ, ышъхьэ мэузы, ыгу мэжао ыкIи къэжы, ышъхьэ мэуназэ, иакъыл щэо, фэщ къыхахьэ, ыгу псынкIэу къытео ыкIи мэхьапщэ) лые къызэрахыгъэр шъущэ (шъухьы) чъыIэтапIэм, жьыбгъаом (жьаум, шъхьангъупчъэу Iухыгъэм).




Псаоу шъуемынэгуерэмэ гу-тхьабылмэ псэ къахэгъэхьажьыным ыуж шъуихь. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъэIэхэзэ) шъукъедж. Гу-ТП жъугъэцакIэ жьыкъэщэныр зыпкъ еуцожьыфэ е медицинэ Iофышiэхэр къэсыфэхэ нэс.



Жьыкъэщэныр зыпкъ зиуцожьыкIэ (е жьыкъэщэныр зэщымыкъогъагъэмэ) лые къызэрахыгъэм бгъунджыпIэ мыхъые ежъугъэгъот. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэр къэсыфэ нэсыкIэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъулъыплъ.



Ышъхьэ ыкIи ыпшъэ псы чъыIэкIэ гъэуцIыныгъэ IэплъэкI (Iупэлъэкl) атешъулъхь.



ЗыкъышIэжьмэ (иакъыл щымыуагъэмэ) лые къызэрахыгъэр псы чъыIэтагъэ ежъугъашъу.




Фэщ къызыхэхьагъэр шъуубыт (ау шъутемыIункI), лые къызэрахыгъэм  ышъхьэ ыкIи ыпкъ, утыным щышъуухъумэу.

## 6.5. Пыщтыгъэ зэщыкъонымгъэ афэхъугъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Лые къызэрахыгъэр унэ фабэм жъугъэкощы.



Iэпкъ-лъэпкъэу ыкIи пкъым иIахьэу зэщыкъуагъэхэр фабэр зыIыгъырэмкIэ (бзыуцыф, чыхIэн, щыгъын) шъуухъум.
Гъэфэбэжьыныр «къыкIоцIырыкIын» фае лъым икъекIокIын дыкIыгъоу.



**Зэщыкъогъэ чIыпIэхэр псынкIэу бгъэфабэ хъущтэп (гущыIэм пае, псы стырым хэбгъаоу), пIотэу, зыгорэ щыпфэу!**
Лые къызэрахыгъэр чыхIэным кIоцIышъуущыхь, ищыкIагъэмэ щыгъын гъушъэ щышъулъ.



Стырэу IашIоу бэу шъон ешъут.
Шхын стыр ежъугъэшх.
**Шъон кIуачIэ жъугъэфедэу адэщтэп!**
Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж.

## 6.6. Егъэлыягъэу чъыlэ еуагъэмэ апэрэ lэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Лые къызэрахыгъэр унэ фабэм ишъухь е жъугъэфабэ (чыхlэн фабэ, къэзыгъэнэжьырэ техъор, щыгъын къешъущэкl).
Медицинэ lэпыlэгъу псынкlэм (ор-орэу е  узыхэтхэр къызыдегъаlэхэзэ) шъукъедж.



Лые къызэрахыгъэм иакъыл щымыуагъэмэ, стырэу lашlоу бэу шъон ешъут. Шхын стыр ежъугъэшх.

**Шъон кlуачlэ жъугъэфедэу адэщтэп!**

## 6.7. Электрэ ток къеуагъэмэ апэрэ lэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Гузэжъогъу псынкlэу зэшlозыхырэ къулыкъухэм номерэу 112 шъукъядж.
Зыкъэшъуухъум. Лые къызэрахыгъэм ащ лъыпытэу шъуемынэс, сыда пlомэ ащ ток хэтын ылъэкlыщт.
Амал зэрэшъуиlэмкlэ токыр къызэрыкlорэр къыпышъух – унэ кlоцlыр арымэ шъуизакъоу зэрагъэкlуасэрэмкlэ е электросчетчикым хэткlэ пышъухын шъулъэкlыщт.
lофшlапlэм е ток ин зэрыкlорэ гъучlычым дэжьмэ электрэ токыр къызыщеуагъэр къутэныгъэ-къэзыгъэнэжьырэ купым уежэн фае.
Лые къызэрахыгъэм чlыгум утетэу укlэрыхьэу зыхъурэм лъэбэкъу цlыкlухэмкlэ шъуекlуалl.



Лые къызэрахыгъэм пкъыгъо гъушъэу ток зэрымыкIорэмкIэ (бэщ, пластик) гъучIычыр къытежъугъээз.
Лые къызэрахыгъэм ищыгъын къэшъуубыти метрии 10 нахь мыблагъэу кIэрышъулъэшъу гъучIычыр чIыгум зыщынэсырэ чIыпIэм е ток зэрыкIорэ пкъыгъом.



Жъугъэунэфы жьы ежь-ежьырэу къещэмэ




П Псэ зэрэхэтыр къэзыушыхьатырэ нэшанэхэр щымыIэхэмэ гу-тхьабыл псэкъыхэгъэхьэжьыныр шъуублэ. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж, ащ ыпэкIэ къеджэгъахэхэу щымытмэ. IэпыIэгъунчъэу жьыкъэщэныр еублэжьыфэ е медицинэ IофшIакIохэр къэсыфэхэкIэ Гу-ТП лъыжъугъэкIуат.



Жьыкъэщэныр зыпкъ зижъугъэуцожьыхэкIэ (е жьыкъэщэныр къызэтегъэнэгъагъэу щытыгъэмэ) лые къызэрахыгъэм ыпкъ бгъупIэ мыхъые ешъут. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэр къэсыфэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъунаIэ тежъугъэт.

## 6.8. Щэнаут зыIулъ псэушъхьэхэр къецэкъагъэхэмэ е къеуагъэхэмэ апэрэ Iэпэ Iэгъу егъэгъотыныр.

### 6.8.1. Блэр къеуагъэмэ апэрэ Iэпэ Iэгъу егъэгъотыныр.



Iэпкъ-лъэпкъэу фыкъуагъэр мыхъыенэу шъушIы. Лъакъом къецэкъагъэмэ къызэмыцэкъэгъэ лъакъом ешъупхылI.



Iэм къецэкъагъэмэ – уфагъэу пкъым ешъупхылI. КъецэкъапIэм чъыIэ теплъхьэмэ хъущт.




Псэ зэрэхэтыр къэзыушыхьатырэ нэшанэхэр щымыIэхэмэ гу-тхьабыл псэкъыхэгъэхьэжьыныр шъуублэ. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж. IэпыIэгъунчъэу жьыкъэщэныр еублэжьыфэ е медицинэ IофшIакIохэр къэсыфэхэкIэ Гу-ТП лъыжъугъэкIуат.



Ижьыкъэщэн зызэтежъугъэуцожьырэм (е ижьыкъэщэн зэпымыугъагъэмэ) лые къызэрахыгъэм бгъунджыпІэ мыхъые ежъугъэгъот. Медицинэ ІэпыІэгъу псынкІэр къэсыфэ нэсыкІэ ижьыкъащэ зэпымыоу шъулъыплъ.

## 6.8.2. Хьэцlэ-пlацlэхэр къецэкъагъэхэмэ апэрэ Іэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Хьэцlэ-пlацlэр къецэкъагъэмэ уlэгъэжъыем щэрэзыр къыхэшъухыжь.




ЦэкъапІэм чъыІэ тешъулъхь.

**Аллергие фыриІэмэ Іазэм дэжь кІонэу щыт.**

Медицинэ ІофышІэр къэсыфэ нэсыкІэ лые къызэрахыгъэм изытет шъулъыплъ.

## 6.9. Мэхыгъэмэ апэрэ IэпэIэгъу егъэгъотыныр.



Нэшанэхэр: кIыфыгъэр, уемыжэу охътэ кIэкIым иакъыл щыоныр. Лые къызэрахыгъэм бгъупIэ мыхъые ежъугъэгъот, пшъэдэлъыр къэжъугъэланл, ыкIыIурэ джанэм ыпшъапIэ къэшъутIат, гъончэдж бгырыпхыр къэжъугъэланл, цуакъэхэр щышъухых, жьы къабзэ Iужъугъахь.




Иакъыл къызимышIэжьырэр такъикъ 3-5-м къехъугъэмэ, медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж.

**Сыдэу хъугъэми Iазэм дэжь укIон фае зебгъэуплъэкIунэу ыкIи укъызкIэмэхыгъэр зэбгъэшIэнэу.**

## 6.10. Фэщ къыхэхьагъэмэ, пкъыкIэзэз хъугъэмэ апэрэ Iэпэlэгъу егъэгъотыныр.



Нэшанэхэр: узэмыжэгъэ, пфэмыIэжэрэ, зыпкъ итэу лыпцэхэр екъудыих, мырены е пIалъэкIэ щыIэрэ жьыкъэщэныр / акъыл щыоныр, Iупс къыIучъыныр е тхъурбэр къыIуихыныр, нэхэр чIегъэлъэшъон, бзэгум ецэкъэжьыныр. ПкъыкIэзэз хъумэ фыкъуагъэр шъуубыты (тефэнэу ежьагъэмэ), шъуубыт (ау шъутемыIункI), лые къызэрахыгъэм ышъхьэ ыкIи ыпкъ, утыным щышъуухъумэу.



Къытехьаныгъэр текIымэ пIаъэлъэ кIэкIэу иакъыл щыон лъэкIыщт. Лые къызэрахыгъэм бгъунджыпIэ мыхъые ежъугъэгъот ыкIи медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж.

**Сыдэу хъугъэми фэщ къыхэхьаныр къызыхъурэм Iазэм ыдэжь укIонэу щыт.**

## 7. Iэзэгъу уцхэу медицинэмкIэ агъэфедэхэрэу ыпэкIэ Iазэм къыфыритхыкIыгъагъэхэр зэрихьылIэнхэм паекIэ цIыфэу лые къызэрахыгъэм IэпыIэгъу фэхъугъэныр.




Загъорэ лые къызэрахыгъэм изытет къызэIэхьан лъэкIыщт ыпэкIэ узэу къыхагъэщыгъагъэхэм къахэкIэу. Ащ фэдэу зыхъурэм Iэзэгъу уцхэу ыпэкIэ Iазэм къыфыритхыкIыгъагъэхэр зэрихьылIэнхэм паекIэ цIыфэу лые къызэрахыгъэм IэпыIэгъу уфэхъун фаеу хъункIи мэхъу. Апэрэ IэпыIэгъур ежъугъэгъотэу зыхъурэм (лые къызэрахыгъэм иакъыл щымыуагъэмэ) шъуеупчI, уз горэхэр иIэхэмэ (гущыIэм пае, псыбэшъоуз, лъыдэкIуае/лъыкъеох ыкIи нэмыкI.) ыкIи Iэзэгъу уц горэхэм ренэу ешъомэ. Лые къызэрахыгъэм изытеткIэ шъуеупчI (узым къыхэкIкIэ) ыкIи джыдэдэм Iэзэгъу уц ешъон фаеу щытмэ. Iэзэгъу уцыр къыштэнэу ыкIи зэрихьылIэнымкIэ шъудеI. Медицинэ IэпыIэгъу псынкIэм (ор-орэу е узыхэтхэр къызыдегъаIэхэзэ) шъукъедж. Лые къызэрахыгъэм изытет шъууплъэкIузэ шъушIы.

# 8. ЦІыфэу лые къызэрахыгъэм ыпкъ шІоу къезэгъырэ щытыкІэ егъэгъотыгъэныр ыкІи зэщымыкъоным лъыплъэгъэныр.



### БгъупІэ мыхъые:

- Иакъыл щыуагъэу.
- ЫІгъэжьызэ жыныр.
- ЫкІыб ыкІи пхэкІ стыгъэхэу зыхъурэм.



### Іур дэгъэзыягъэу лъакъохэр тІэкІу Іатыгъэхэу ыкІи лъэгуанджэхэр ныкъоуфагъэхэу щылъыгъэныр:

- Ныбапхъэм ехьылІэгъэм утын тещагъэмэ.
- Лъыбэ къыкІэкІыгъэмэ е ыкІоцІкІэ лъы иуцуагъэу егуцафэхэмэ.



### Щысэу е ныкъощысэу щытыныр:

- Бгъэ-цэгэзэхэтым утын тещагъэу зыхъурэм.



**ЫкIыбкIэ зы пкъые горэм телъэу щытыныр:**

- Тхыкъупшъхьэм утын тещагъэу егуцафэхэмэ.

## 9. Психологическэу удэIэпыIэныр.

**Психологическэу удэIэпыIэныр (гукъэкIыжь шъхьафкIэ е тэ тисайткIэ зэжъугъашIэ).**

**@ФКЪКЪМЛКЪу ГуПІГу УРЫСЫЕМ и УОІоМ**